man de xam naa ne yaw aw xeer nga, doo lor te doo jariñ, bu dul woon ne gisnaa Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc di la fóon kon duma la fóon

Jële nañu ci Umar yal na ko Yàlla dollee gërëm: Mu ñëw ci Hajarul Aswad daal di koy fóon, daal di wax ne: man de xam naa ne yaw aw xeer nga, doo lor te doo jariñ, bu dul woon ne gisnaa Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc di la fóon kon duma la fóon.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Njiitu jullit ñi Umar ibnul Xattaab yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa ñëw ci Hajarul Aswad ci pengu Kaaba gi fóon ko, daal di wax ne: man de xam naa ne yaw aw xeer nga, doo lor te doo jariñ, bu dul woon ne gisnaa Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc fóon la kon duma la fóon.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3024